



Pòz ak Revizyon Aplikasyon pou Benefis Imigrasyon pou Refijye, Moun ki Jwenn Azil, Moun k ap Fè Azil ak Sitwayen Peyi ki Gen Entèdiksyon pou Vwayaje

Gid sa a antre an vigè 5 janvye 2026, epi li ka chanje.

Sa K ap Pase?

- Nan mwa jen 2025, Prezidan Trump **te bay lòd** pou sitwayen 19 peyi pa ka resevwa viza pou antre Etazini, li te di yo reprezante yon risk pou sekirite nasyonal peyi a. Nan mwa desanm 2025, li **Elaji** lis peyi ki anba **entèdiksyon vwayaj la rive nan yon total 40 peyi**.
- Nan mwa novanm 2025, USCIS te bay lòd pou yo **fè yon kanpe** **jijman sou aplikasyon pou ajisteman stati (kat vèt) pou tout refijye** ki te jwenn ajisteman sa ant 20 janvye 2021 ak 20 fevriye 2025, epi li te bay lòd pou yo **revize ak posiblite pou yo fè yon nouvo entèvyou ak tout refijye** yo te kite rantrè pandan peryòd sa a.
- Nan dat 2 desanm 2025, USCIS **te anonse**
 - **yo kanpe sou tout demann azil pou tout nasyonalite;**
 - **yo kanpe sou tout aplikasyon pou benefis imigrasyon pou sitwayen 19 peyi ki te jwe entèdiksyon vwayaj yo**, tankou aplikasyon pou natiralizasyon, ajisteman estati (kat vèt), pèmi travay, dokiman vwayaj, petisyon familyal (Fòm I-130 ak I-730) ak lòt benefis, sof kèk eksepsyon; epi
 - **yon re-revizyon aplikasyon pou benefis ki te apwouve deja** pou sitwayen peyi ki gen entèdiksyon vwayaj.
- Nan dat 1ye janvye 2026, USCIS **te elaji peryòd pou kanpe aplikasyon yo** epi re-revize benefis yo te akòde bay sitwayen **peyi ki gen entèdiksyon vwayaj adisyonèl yo**.

Kisa sa vle di?

- Akòz règleman sa yo, moun ki afekte yo ta dwe atann yon reta ki pa gen dat fiks **nan jijman aplikasyon yo** pou benefis imigrasyon.
- Yo ka refize kèk aplikasyon si USCIS kwè nasyonalite aplikan an poze yon risk sekirite.
- Moun ki te deja apwouve benefis yo anba revizyon, ka espere y ap fè yon **entèvyou** an koneksyon avèk aplikasyon sa yo **epi/oswa yo ka mande yo plis prèyè sou kalifikasyon yo**.
- Gen kèk moun ki ka wè benefis yo oswa stati yo **sispann oswa anile**, epi yo ka refere yo pou pwosedi depòtasyon nan tribinal imigrasyon an.

Nasyonalite ki afekte yo			Aksyon
Tout			- Kanpe tretman aplikasyon azil (entèvyou ka toujou fèt) - Kanpe tretman aplikasyon ajisteman stati (kat vèt) pou refijye (entèvyou ka toujou fèt) - Revizyon stati refijye ki te deja apwouve nan tan pase
Afganistan Angola Antigwa ak Babad Benin Burkina Faso Birman Burundi Chad Kòt Divwa Kiba Dominica Ekwatoryal Guinea Erit	Gabon Ayiti Iran Laos Libya Malawi Mali Moritani Nijè Nijerya Repiblik Kongo (Brazavil) Senegal Syera Leyòn Somali	Sid Soudan Soudan Siria Tanzani Gambia Togo Tonga Tirkmenistan Venezuela Yemen Zanbi Zimbabwe moun k ap vwayaje ak dokiman ki soti nan Otorite Palestinyen an	Kanpe tretman tout aplikasyon benefis (eksepsyon gen ladan: I-90 ranplasman kat rezidan pèmanan, N-565 ranplasman sètifika sitwayènte/natiralizasyon, N-600 aplikasyon pou sètifika sitwayènte, ak I-765 otorizasyon travay pou kategori c(8), azil ki an atant) Revizyon tout benefis ki te deja apwouve

Mwen gen kesyon. Ki kote m ka jwenn èd?

Si w kwè règleman sa yo afekte w epi ou poko fè sa, ou ta dwe konsilte avèk yon founisè sèvis legal imigrasyon. Ou ka jwenn asistans isit la: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/> oswa isit la: <https://ailalawyer.com/>.